ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ІЭПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№200 (22.108) ● 2011 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 21, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●КЪБР-м и Правительствэм

Арэзы щытохъуэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Абрэдин Іэлий дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 25-рэ щыІэпкІрахащ.

АПХУЭДЭЩ республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм щагъэуви «АЦК-м и комплекс зэхэт - Къыщапщытэ Автоматизированнэ Центр»-м и Іуэхур піаІэ кІыхьым тещІыхьауэ къыІэрыІэрагъэпэщыну зэгурыІуэныгъэ зэщІыпІэным, 2013 - 2025 гъэхэм КЪБР-м кІэрыхубжьэрыхуэхэм зэрыщІелэжьыным и республикІэ программэ хэхам, «Налшык Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм щэнхабзэмкІэ и щыхъэрщ» фестивальым щыхуэгъэхьэзырыным ІэуХуэ унафэхэм я проектхэр.

Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министр **Мусуков Алий** къыхилъхьэри, зэІущІэм щыхэпльащ 2012 - 2015 гъэхэм КЪБ-м и Правительствэм и ІэнатІэхэм инвестицэу къыхагъэлъхьэм хэгъэхуэныным ящІыхьа республикэ программэ хэхам. Абы къыхэригъэльагъуэмкІэ, ар ягъэхьэзыращ ХФ-м и Президентым Федеральэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам зэрыщыбзыхуам тету. ЗыхуэунэтІар инвестицэу зэщІагъэлуэм хэгъэхуэныгъэ, ІэнатІэщІэкІэр къыхэзыхьныгъэ. Псори зэхъэу итьэсэ 4-м я Іуэхум сом меларди 3,5-рэ къыщагъэсэбэпынущ.

Тепсэлъыхьа нэужь, зэхуэсахэм министрым жиІахэр даІыгъащ.

Зэхьихьэм щагъэбелджылащ лъэІу зытахэм ящыщу республикэ бюджетым и хьэкІкІэ зыдэпыкъунхэр.

Нэгъэущі Іуэхугъуэсэм щыхэпльа зэІущІэм хэтащ Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Уянаев Казым** министрэр, кІалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэр, къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблагъа къулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

НэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ядэІэпыкъунущ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгуэныгъэм, нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм я Іуэхугъэмкіэ, дунейпсо гуманитар зэдэлажьэныгъэмкіэ федеральнэ агентствэмрэ я мурадщ лъэныкъуэхэр зэман кІыхьым тещІыхьауэ зэдэлажьэным теухуа зэгурыІуныгъэ зэращыгьІэну. А документым и проектыр КЪБР-м и Правительствэм и зэІущІэм щыдгъэІащ.

КЪБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкъІэ и министрым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ Пащты Борис зэрыжиІамкІэ, а зэгурыІуэныгъэм и фІыщІэкІэ, нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ящыІэ зэпыщІныгъэхэм зыгъэгъунущ, абыхэм зэрадэІэпыкъу Іэмалхэр ирагъэфІэкІуэнущ. Апхуэдэу нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр республикэм и щэнхабзэ, экономикэ гъащІэмі нэхъ жыдэжру кІыхьашэнущ, информацэ зэпыщІныгъэхэм зэрызагъубгъуэм къыхэхІыу абыхэм ди щІыналъэм щекІуэкІ Іуэхуэхм нэхъ кууэу щыгъуазэ защІыныкъІэ Іэмалхэр зэтеувэнущ. Мы Іуэхур апхуэдэу сэбэп хъунущ ди республикэм и экономикэм инвестицэхэр къыхуэзыщІэгъэІуэныкъІи. ЛъэныкъуитІым я зэдэлэжьэныгъэм хеубыдэ щэнхабзэ-тхыдэ хъугъуэфІыгъуэхэр, республикэм туризмым и лъэныкъуэкІэ иІэ зэфІэкІхэр хэІуцІыІу щІыныр, урысыбзэмрэ урыСей егъэджэныгъэмрэ нэгъуэщІ къэралхэм щыпсыгъэкІыныр.

Ди лъэпкъэгъуэхэр зэгуэныгъэхэр, урысыбзэм и мащІэ, олимпиадэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, урысыбзэм и мащхэр егъэкІуэкІыным къыдэкІуэу, апхуэдэу я мурадщ нэгъуэщІ къэралхэм анэдэлъубгъэмрэ урысыбзэмрэ щезыгъэджэхэм я Іэщ Іагъэм Урысейм и вузхэм щыкІагъэхъуэнкІэ къызэрагъэпэщыну, щІалэгъуалэр УФ-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэныкъІэ ядэІэпыкъуну.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапі.

●Фэеплъ зэхуэс

Ар сыт щыгъуи япэт

Зэ Іущ Іэм къыщыщыпсалъэм, Къанокъуэ Арсен кьыхигъэщащ КІуэкІуэ Валерэ и цІэр академием ауэ сытми зэрыфІамыщар, ар къызэгъэпэщыным, зегъэужьыным абы кьаруушхуэрэ зэфІэкІыщхуэрэ зэрыхилъхьар.

- Ди республикэм и дежкІэ фІыгъуэшхуэт а зэман гугъухэм КІуэкІуэ Валерэ абы и унафэщІу зэрыщытар. Абы илэжь псори хуэунэтІат Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэ лъэпкъ зэхуэдитІыкІахэр хъумэным, егъэфІэкІуэным, - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

КІуэкІуэ Валерэ и фэеплъым, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэщ академием и гупэ утым деж щытым, цІыху куэд кьекІуэлІат зэманым екІуу дунейм тета унафэщІ щэджащэм пщІэ зэрыхуащІыр къагъэлъэгъуэ нэу Зэхуэсым зыкъраГъэхьэлІат КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, республикэм федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу щыІэ Вербицкий Алексей, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт Максютэ Николай, Урысейм и Президентым и чэнджэщэгъу Язиков Мурат, УФ-м и Къэрал Думэм, Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым я депутатхэм, гъуэгуанэгъу республикэхэм кьикІа хьэщІэхэм, КЪБР-м и Правительствэм хэтхэм, КІуэкІуэ Валерэ и Іыхьлыхэм, и ныбжьэгъуу щытахэм, дэлэжьахэм. Республикэм и япэ Президентым щытар а махуэ дыдэм гуапэу ягу кьыщагъэкІыжащ Налшык и Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэм. Абы кьыщыкъэзгъэпэщат КІуэкІуэ Валерэ и гъащІэ гъэугуанэмрэ и лэжьыгъэ купщІафІэмрэ сурэтхэмкІэ, тхыгъэхэмкІэ, щыхьэт тхьылъэмкІэ кьэзыгъэльэгъуэж ешІэныгъэ дахэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Зэ Іущ Іэм къ рихьэлІахэр.

●Газетеджэм и усэ

Хэкуі

КЪБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ и фэеплъу

Лъэпкъым и пщІэр лъагэу иІэ ту,
Пэрыту, щащІихуу ди къэрал псом,
Адыгэм и вагъуэу уигъэ щІылъу
ДиІэш къытІэнту щІэ куэд дыщыпсэум.

Ауэ адрейхэм ебжьІыу адыгэм
Уи цІэр къраІуэр, х эти ещІэж:
МафІаем хэмыхьэу ди лъэпкъхэр а лыгъэм
ПэІэщІэ зыщІар уи акьыщ, псалъэ пэжщ.

Республикэ фІыгъуэ зи хуэлажьэ у, емыщу
Ди мамырыгъэр абы ихьмащ.

Кье тхьэжьэ Іуэху псоми цІэ дахэх эр фІищу,
ПщІэ иІэу къэралышхуэ утыкум итащ.

Ди гъащІэр къулей, нэхъ щІэращІэ
Зэрыпщі хъун Іэмал кьылыхьуащ.
Сыт щыгъуи хуэпэжу и псальэм,
Іьэпкь напэр ихьумэу щытащ.

Дэтхэнэ зы цІыхуми ди щІылъэм
Гуапагъэу пхэпъАхэр иг у ильщ.
ЗэрытщІэ у, Кавказым уэ зы лІым
ПІьэкІаХэр ди лъэпкъ напщІэтельщ.

Гъэуэпанэу лъэпкъитІым кьакІуами,
Пытщэныр зи фІыщІэр уэращ.
УэтщІыгъ ущи, кІуэдакьым блэжьари -
ПэщІэдзэ пщІа псор дгъэкІуэтащ!

МЭРЕМЩАУЭ Маритэ,
Налшык дэт 29-нэ гимназием и егъэджакІуэ.

Къэлэм бжьыхьэ теплъэ егъуэт

Налшык и «Горзеленхоз» Іуэхущапі эм бжьыхьэ лэжьыгъэхэр мыбэлэрыгъыу кърехьэлІэ.

ИДЖЫПСТУ абыхэм кьрачыж щыхьэрым и ІуплъапІэхэр, утхэр, кьалэ дэльадапІэхэр гъэмахуэ псом зыгъэдэха гуащэщхьэ, гъэтырагъэщхуэ, кьэрабгъэ, роэз зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм ящыщ куэдым я жылэхэр хуэсакьыу кьыпахри щхьэмапІэхэм щагъэтІыпІ, ипхъэ кьакІуэ з эрыхасэжьным хуэдэу.

Зи Іущагъэм ильэс куэд хьуауэ пэрыт лэжьакІуэхэм апхуэдэу бжьыхьэ лъэхъэжьэм хуагъэхьэщэр кхъуэщын, шар, теплъэ теплъэ яІэу иужьрей ильэсхэм щІилІэ щхьэхуэм зи щагъэува удзгъэжьІпІэхэр. Мы мазхуэхэр зэрыуэгбанэрилэми емыльытауэ, ах эр кьауанэщ, абыхэм ильа пхъэхьауэхуэ, пшахьуэ, щы зэхэльхэр щІэрыщІэу зэрахъэкІри, бжьыхьэ щыІэр ныхуэщэчыну щхуантІагъэ льаХьшэхэмрэ псей кьудамэ цыкІухэмрэ ирасэ. Удз гъэгъа хэсапІэхэм апхуэдэу мыгувэу кьихутэнщ епэр щхьэжьапІыкІэ дахащэхэр. Зэ еплыгъуэжьэ гуащІэмащІэу фэ зытет а гъэгъа льаХьшэ цыкІуэхэр фІэщыщІыгъуейуэ япэ уэсми, Іумыдми бэшэчу пэщІэтынущ бжьыхьэкІэ дыдэм нэсыху.

«Горзеленхоз»-м и лэжьакІуэ емызэшхэр ирогушхуэ ильэс псом хьуреягьыр зэрагъэдахэ удэ гъэгъахэр езыхэм я кІаруркІэ кьыщэрагъэкІым.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Костенюк Галлямовэм йофІэкІ

Взыдъхугъэхэм шахматымкІэ я Іуан-при зэхъэзэхуэу ФИДЕ-м ирагъэкІуэкІым и ещанэ Іыхьэ Налшык щызэхэтыр и кІэм ноблагъэ. Фигу къэдгъэкІыжьыщи, япэ махуэм щыпсэдзауэ адреихэм йофІэкІ Китаим къинкІа Чжао Сюэ.

УРЫСЕЙМ и шахматистхэм екъуэлІэныжьхэр зы-Іэрагъэхьа пэтми, пашэхэм яІущу пхужьІэнукъым.

Вэсэмахуэ зэхэта ебгъуанэ зэІущІэм Костенюк Александрэ и хэкуэгъу Галлямовэ Алисэ ефІэкІащ. Урысей пщащэхэм я зэпэувынигъэхэм ящыщ зым Коваелевская Екатеринэ Костенюкэ Надеждэ щыхигъэщащ.

Зэпеуэм и ебгъуанэ зэІущІэкІэм я ужькІэ бжьыпэр иІыгъащ очкои 8,5-рэ зыІэрызыгъэхьа Чжао Сюэ. Абы кІэлъыкІуэ Бэныщэонэ Цзюйрэ Ковалевская Екатеринэрэ. Чень Чжу, Лагно Катеринэ, Чмилите Викторие, Косинцевэ Татьянэ сымэ зэпэзнэмэи очкои 4,5-рэ, Косинцевэ Надеждэрэ Стефановэ Антоанеттэрэ очко плІырыплІ, Костенюк Александрэ очкои 3,5-рэ зыІэрагъэжьащ, Галлямовэ Алисэрэ Бат Мунгунтуулрэ - очко щырыщ яІэщ.

УАРДЭ Жантинэ.



ЩытыкІэ хьэлъэм итщ

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ ЕнатІэм дыгъуасэ кьыІэритамкІэ, нэсмахуэ щыщІэдзауэ Сириемэ Алепп кьалэм щІыку зы медуниро ныкъуэрэ хуэдиз щызэхуэсауэ пэкІу ирагъэкІуэкІ, я президент Асад Башаррэ кІэралым и лъэпкъэкъутынигъэ зумэнымрэ я тельхьэу, Алеппэ ялытэ Сириемэ и экономикэ кьалащхьэу.

Мазибл и пэкІэ щІэзыдзауэ щыта зэпэщІэтынигъэр нэсакым кьалэ нэхъ инхэм - Дамаскрэ Алеппэрэ зи телъхьэр нобжкІэ лажьэ ластращ. Абы кьыпэщІэтхэр щыпэхьыбэщ Хомс, Хьэмэ, Тыркум хуиІэ кэрал гъунапкъэм пэгъунэгъу Идлиб жылагъуэхэм. А провинцэхэм щыІэ экстремистхэр Іэщ Іэкіэ зэщІэуэздащи, терактхэр щІэх-щІэхыуэ яІэжь - полицейхэмрэ зауэлІхэмрэ ятоуэ, Башар Асад и правительствэм кьыдэщІхэр яуКІ.

Дзэр зыкъзэІІэтахэм щозауэ Сирием и куей зыбжанэм: Ливаным хуиІэ гъунапкъэм пэгъунэгъуэ, Дамаск и Іэгъуэблагъэхэм, Дераа, Дейр-эзЗорэ. Эль-Куссейр дзэм кьнуныхьащ, ауэ зауэлІхэм ящыщу 40 щІэпхъэкри, зыкъзэзІІэтахэм ягъэкІуащ.

Сирием и властым жэуап лъэпкъ зэкІэ иритыжакъым ХьэрпІ Къералыгъуэхэм я Лигэм (ЛАГ) , оппозицэм епсэлъэным теухуауэ кьыхильхьа жэрэмым. А лигэр США-мрэ Израильмрэ я унафэкІэ лажьэу жеІэри, властыр хуейкъым абыхэм запищІэну.

Тыркумрэ Европэм и къэралхэмрэ даІыгъ лъэпкъ советыр (СНС) Триполи Іэпхъуащ, Сирием абы щиІа консульствэм и унэр зубыду ар я штаб-фэтэру къагъэсэбэпын мурад яІэу.

Франджым и МИД-м ЛАГ-р кьыхуреджэ Сирием кьыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэм унафэ ятрищІыхьыну. ХъэрыпІ къэралхэм я министрхэм Асад Башар кьыхуреджащ кьаугъэр зэтригъэувыІэну, арыншамэ Сирием и Іуэхухэм кууэ хэІэбэну кьагъэгугъэ. Дамаск щІагъуэу хущІыкъым Саудей Хьэрпым, Катарым, Тыркум, абыхэм «зэкъуэщмуслымэнхэм» я зэгухьэныгъэр даІыгъри. Иджы а къэралищым щхьэусыгъуэ ягъуэт Дамаск и Іуэху зэрыхуейуэ зэрахуну.

ЗэпэщІэувахэщ

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ ЕнатІэм кьызэритымкІэ, Сербием и президент Талич Борис щынагъэнщагъэмкІэ къарууэ Косовэ щыІэмрэ ЕкІуэкІ Европэ союзым и миссиемрэ кьыхуриджащ законхэр гъэзэщІныгъэ кьалэн нэхъыпІэ зыхуагъэувыжьыным, сербхэм кьызэрагъэпэща барикадэм хэтхэмэ я хэкуэгъуэм я фейдэ зыхуэІуэхуу фІэкІа ямылэжьыным.

- Сербие Республикэм еукъуэдий ООН-м ЩынагъуэнщагъэмкІэ и Советым кьищта 1244-нэ резолюцэмрэ абы и секретарь нэхъыщхьэм и планымрэ лъэныкъуэ псоми ягъэзэщІэн хуейуэ. А щыхьэт тхылъхэм кьагъэув Косовэ щыІэ дунейпсо кьарухэр лъэныкъуэ гуэрым кьыдэщІ мыхьуну, - жеІэ Тадич Борис.

Дыгъуасэ пщэдджыжьым КФОР-м и зауэлІхэм Іуахыну нужь ихьащ «Брянк» КПП-м и екІуэлІапІэр зэхуащІу Ягненицэ деж щагъэувэ баррикадэр. Арщхьэкіэ кьуажэдэсхэр тКІийуэ абыхэм кьапэуващ инкІи Іуэхур зауэм хуэкІуэнкІэ щынагъуэщ.

Сыт къэхъуар?

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ ЕнатІэм кьызэритымкІэ, дыгъуасэ Инджьцыым зэгурыІуныгъэ Кувейтым щиІэ посольствэм и лэжьыгъэр, а «Іуэхущапі эм щынагъуэ кьыкъэрыльыкъуэкІам» и зэранкІэ.

Ар зи шынагъуэ лІэужьыгъуэр, кьэзыхэкІ щхьэусыгъуэхэр Лондон кьратыкІ хьыбархэм щыжаІэкъым. Ауэ посольствэм и унэр зэхущаІэщи, абы щылажьхэм фІэкІа щІагъэхьэркъым.

Экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, а щытыкІэм щхьэусыгъуэ хуохьу Инджьцыым и пащтыхьыкъуэ Чарльз и щхьэгъуэгъэ щыгъуу Кувейтым мыгувэу зэрыкІуэнур. Абы я шынагъуэншагъэр кьызэрагъэпэщу, посольствэри зэхуащІауэ кьыщІэкІынущ.

♦1 833 гъэм кьалъхуащ химик, динамитым и зэхэльыкІэр кьэзыгупсыса, Нобель саутэгтыр зиІэр **Нобель Альфред**, 1896 гъэм дунейм ехыжьащ.

♦Жэпуэгъуэм и 21 - 23-хэм Иорданием щызэхэтынущ КьуэкІыпІэ Гъунэгъмрэ Африкэ Ищхьэрэмрэ я Іуэхуэхм ятеухуауэ экономикэмкІэ Дунейпсо форумым иригъэкІуэкІ сессие.

♦Ильэс и пэкІэ Москва кьалэм и унафэщу хахащ **Собянин Сергей.**

♦Ильэс 50 и пэкІэ Ан-24 кхъухьльатэ цІэрыІуэм и япэ рейсыр итъэзащІэу узгум зиІэтащ. Ар 1962 - 1978 гъэхэм кьыщІагъэкІащ, нобэр къыздэсми кьагъэсэбэп.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ Налшык пшэр теХъэ-текІуу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 15, жэщым градуси 9 щыІэнущ.

Псалъэхэр зыхъуэхьыгар ГЪУЩІО Зарифи.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мыгъуагъэ псор зым хухахкъым.

КЪБР-м и Оперативнэ штабым къет

«ТЕРРОРЫМ пэщІэтыным и Іуэхуэхі» 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдэкІа Федеральнэ закон №35-ФЗ-м ипкъ иткІэ КЪБР-м и оперативнэ штабым и Іэтащхьэ генерал-майор Кменный С. Л. и унафэкІэ 2011 гъэм фокІадэм и 8-м сыхьэти 7-м щегъэжьауэ Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Іыхьэм (Бахъсэн къалэм, Бахъсэненкэ, Дыгулыбгъуей къуажэхэм) террорым пэщІэтынымкІэ щагъэуэвауэ щыта хабзэ щытыкІэр, апхуэдэу я лэжьыгъэр щекІуэкІыну зэманым тещІыхьауэ пІалъэкІэ ягъэувауэ щыта мардэхэр 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м сыхьэти 7-м щегъэжьауэ трахыжащ.

КЪБР-м и Оперативнэ штабым Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм фІыщІэ яхуещІ абыхэм я дэІэпыкъунигъэм, зэхэщІыкІым, апхуэдэу щэхурылажьэ бандэхэм хэтхэмрэ абыхэм я дэІэпыкъуэгъуэхэмрэ ятеухуа хъыбархэр, хабзэхъумэ органхэм зэрыІэрагъэхьам папщІэ. ЦІыху набдзэгубдзаплъэхэм кьабгъэдэкІа апхуэдэ хъыбархэм я фІыщІэкІэ террористхэм ягъэхьэзыра щІэнтхьаджагъэ куэд, кьызэпадащ, цІыхухэмэ я гъащІэр кьрагъэлащ.

КЪБР-м и Оперативнэ штабым фигу кьегъэкІыж: щэч фэзыгъэщІ цІыхухэм, автомашинэхэм, хьэпшыпхэм, нэгъуэщІ Іуэхухэм зрыфІэлІамэ, абыхэм ятеухуауэ мы телефонхэмкІэ хъыбар евгъащІэ хуунущ:

КЪБР-м и Оперативнэ штабым - 48-15-10, 48-16-37, 48-13-48;

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм: 48-16-02, 48-15-81;

КЪБР-м щыІэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;

УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и «Э» центрым - 42-70-52;

УФ-м Следствэмкіэ и комитетым Следствэмкіэ и управленэу КЪБР-м щыІэм - 77-64-22;

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыІэм - 39-99-99.

Дэ ящыІэ рэзэкІуэлъэныгъэхэм

Жэгундэ бэв кърахьэлІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм фошыгъу жэгундэр щызэщІагъуэж. Иджыкі гектар 2032-м дэтхэнэми центнер 422-рэ хуэзэу, тонн мин 85-рэ къыграхащ.***

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущапі эм кьызэритамкІэ, республикэм и жэгундэгъэкІэм тонн мин 435-рэ, нэгъэбэ ельытауэ тонн мини 140-кІэ нэхъыбэ, кьрахьэлІэжыну мэгугъэ. Жэгундэм и Іыхьэ нэхъыбэм Ерчэн-Щыхьэр жылагъуэм дэт фошыгъу заводым щелэжьынущ.

Щ Іымахуэм зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и премьер-министр КІумпІыл Мурат лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ щыщ Гиагин куейм хыхьэ Гончаркэ жылагъуэм, щІымахуэ гъэпІыгъуэ лъэхъэнэм зэрыхуэщІар, абы щыгуэхуа котельнэщІэр зригъэлъэгъуащ.***

ЗЫ МАЗЭМКъриубыдэу Гончаркэ щауГъэува иджырей котельнэм кьатащу зэтет псэупІэ унитэрэ кьуажэ клубымрэ игъэпльынущ. ГъэпльапІэр ухуэным сом меларди 3,4-м нэблагъэ текІуэдэнущ. Италием щащІа котелитІыр иджыпсту еужьэрэкІыу хуагъэхьэзыр хуабэ зэриты-нум.

Премьер-министрыр илъэгъуам арэзы техьуащ. Абы къыдэкІуэри муниципальнэ зэгухьэныгъэм ныкъусаныгъэ зыбжанэ яхуищІащ икІи ахэр зэман кІэщІым зыхуей хуагъэззэну кьалэн ящищІащ.

Доллар мини 100

АБХЪАЗ. ***Республикэм и кьалащхьэ Сыхум щокІуэкІ доминомкІэ дунейпсо чемпионат. Ар къыщызІуахым ирихьэлІащ Абхъазым и Іэтащхьэ Анкваб Александр икІи зэпеуэм кърихьэлІахэм фІэхъус псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ.***

«СПОРТЫМ гъунапкъэ ищІэрыкъым. Ар зыхуэунэтІар дин зэмылІэужьыгъуэхэр зезыхьэ, политикэ Іуэху бгъэдыхьэкІэ зэхуэмыдэ зиІэ, щэнхабзэ льапІэныгъэ телъыджэхэр кьызыдекІуэкІ цІыхухэр зэкъуэгъуэнэрыщ», - кьыхигъэщащ Анкваб Александр.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, махуэ иплІкІэ екІуэкІыну доминоэзэхуэм къэрал 25-м я лІыкІуэхэр кърихьэлІащ. Иджы япэу дунейпсо чемпионатым хэтщ Узбекистаным, Италием, Португалием, Алыджым, Тыркум, нэгъуэщІ къэралхэм кьикІахэр. Доминоэзэхуэм и фондыр доллар мини 100 мэхъу. Зэхьэзэхуэр егъэкІуэкІыным республикэ бюджэтым сом мелуан 20 хухихащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

КЪБР-м и Оперативнэ штабым къет

«ТЕРРОРЫМ пэщІэтыным и Іуэхуэкіэ» 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдэкІа Федеральнэ закон №35-ФЗ-м ипкъ иткІэ КЪБР-м и оперативнэ штабым и Іэтащхьэ генерал-майор Кменный С. Л. и унафэкІэ 2011 гъэм фокІадэм и 8-м сыхьэти 7-м щегъэжьауэ Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Іыхьэм (Бахъсэн къалэм, Бахъсэненкэ, Дыгулыбгъуей къуажэхэм) террорым пэщІэтынымкІэ щагъэуэвауэ щыта хабзэ щытыкІэр, апхуэдэу я лэжьыгъэр щекІуэкІыну зэманым тещІыхьауэ пІалъэкІэ ягъэувауэ щыта мардэхэр 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м сыхьэти 7-м щегъэжьауэ трахыжащ.

КЪБР-м и Оперативнэ штабым Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм фІыщІэ яхуещІ абыхэм я дэІэпыкъунигъэм, зэхэщІыкІым, апхуэдэу щэхурылажьэ бандэхэм хэтхэмрэ абыхэм я дэІэпыкъуэгъуэхэмрэ ятеухуа хъыбархэр, хабзэхъумэ органхэм зэрыІэрагъэхьам папщІэ. ЦІыху набдзэгубдзаплъэхэм кьабгъэдэкІа апхуэдэ хъыбархэм я фІыщІэкІэ террористхэм ягъэхьэзыра щІэнтхьаджагъэ куэд, кьызэпадащ, цІыхухэмэ я гъащІэр кьрагъэлащ.

КЪБР-м и Оперативнэ штабым фигу кьегъэкІыж: щэч фэзыгъэщІ цІыхухэм, автомашинэхэм, хьэпшыпхэм, нэгъуэщІ Іуэхухэм зрыфІэлІамэ, абыхэм ятеухуауэ мы телефонхэмкІэ хъыбар евгъащІэ хуунущ:

КЪБР-м и Оперативнэ штабым - 48-15-10, 48-16-37, 48-13-48;

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм: 48-16-02, 48-15-81;

КЪБР-м щыІэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;

УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и «Э» центрым - 42-70-52;

УФ-м Следствэмкіэ и комитетым Следствэмкіэ и управленэу КЪБР-м щыІэм - 77-64-22;

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыІэм - 39-99-99.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр йокІуэкІ.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпЕйкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почт Іуэхущапі эм псоми.

Ди индексыр 51531

Ар сыт щыгъуи япэт

КIуэкIуэ Валерэ и цIэрIэ къыззрагъэпэщащ выставкэм.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КЪЭРАЛ концерт гъэпсэгъуапIэм къыщыпсэлъа дэтхэнэми къыIуэтэжащ хэкуIгъэ цIэрыIуэм щыIущIам, щыIэлэжьам гу зыльитауэ щыта гъэщIэгъэнэ куэд.

- ЕгъэлеиныгъэкIэ лъэпкъ хэмылъу жьыпIэ хъунущ КIуэкIуэ Валерэ и гъащIэ псор Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьыным, ар егъэфIэкIуэным, мы щIыналъэ берычэтым щыпсэуэхэм я гъащIэр ящIигъэпсыныгъэным тригъэкIуэдауэ. Ар щIыхь Iущт, жыжьапIэт, дичыхьфырт, щIыхьбэм я фейдэ зыхэпльар и щхьэ Iужьухэм япэ иригъащырт. А псори зэрыпэжыр нэрылъагъу хъуащ 1991 гъэм и фокIадэм, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэпэщIэтыныгъэшхэм, гузэвгъэужьхэ къэзыщIэ хъуну щытам, пэгъунэгъу щыхъуа лъэхъэнэм. Абы щыгъуэ пэкIум щыдзэхэсахэм япэщIэмыувэу КIуэкIуэ Валерэ и къулыкъым зэрытекIам, Правительствэрм абы и щапхъэм зэрырикIуам республикэр лъыгъажэм щихъумат, - жиIащ Къанокъуэ Арсен, а пшыхьым къыщыщыпсапсэм.

Республикэм и Президентым зэхъуэсахэм ягу кIигъэкIыжащ и лъэхъэнэ гугъум мамыру ди щIыналъэр абы къыззэрихишыфар щIыхьбэм гулъытэнэщу къыззэрымыгъэнар - мазиплI нэхъ дэмыкIыу КIуэкIуэ Валерэ хэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым я япэ Президенту.

Илъэс нэхъ дэмыкIыу а щытыкIэм нэхъ гугъуж хъуауэ къытригъэззэжат, ауэ унафэщI Iущым абы щыгъуи кIигъэтыфат мамырыгъэр ди щIыналъэм зэрыщихъумэну Iэмал.

- Республикэм и хозяйствэр хъума зэрыхъуари аращ зи фIыщIэр. 90 гъэхэм щыIа кризисым кьелащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэнатlэ псори икIи 1997 гъэм щыщIэдзауэ а Iэнатlэхэм зыкъаужьыжу хуежьащ. Псом хуэмыдэжу КIуэкIуэ Валерэ гулъытэ щхьэхуэ хуищIыт щыхуэхэм защIэгъэкъуэным, зыхуэзфIэгъэкIыжыным ядэIэпыкъуным, - жиIащ Къанокъуэ Арсен.

Республикэм и япэ Президентыр фIэкIыпIэншIэу и телъхьэ Урысей Федерацэм и зэхъуэтыныгъэр хъумэным, абы и федеральнэ зэхущытыкIэкIэр зэхъуэкIыныгъэншэу къыззэтенэным. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнур зыхилъагъуэр Урысей Федерацэм къыхэзгъэнэным и закъуэт, абыкIэ мыарэзы псоми япэщIэувэрт, и къару псори ирихьэлIэрт Урысейм и щIыналъэхэм ядэлэжьэным, республикэми, Кавказ Ищхьэрэми, Урысеймi щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным.

- Адыгейм КIуэкIуэ Валерэ псалъэ гуапэкIэ фIэкIа ягу къыщагъэкIыжкъым. Ар куэдрэ здэкIуэу щыта Кушхьэбэтэ и зы уэрамым зэрехьэ и зэкъуэтыныгъэр и цIэр икIи абы зыщаужьпсей щхьэуантIэ 60-м - ахэр Валерэ къуажэм тыгъэ хуищIат а жылагъуэр илъэс 60 щрикъум, - ягу къигъэкIыжащ Адыгэ Республикэм и япэ Президенту щыта Джарым Аслъэн.

Джарымым къыззэригъэлъагъуамкIэ, 1994 гъэм гъатхэпэм и 21-м Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым я зэрехьэ ди ныбжьыгъуфIым и цIэр икIи абы зыщаужь псей щхьэуантIэ 60-м - ахэр Валерэ къуажэм тыгъэ хуищIат а жылагъуэр илъэс 60 щрикъум, - ягу къигъэкIыжащ Адыгэ Республикэм и япэ Президенту щыта Джарым Аслъэн.

Джарымым къыззэригъэлъагъуамкIэ, 1994 гъэм гъатхэпэм и 21-м Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым я зэрехьэ фэщIхэм зыхуагъэзат а зэманым Урысей Федерацэм иП резиденту щыта Ельцин Борис, Кавказ зауэр зэририхьэрэ илъэси 150-рэ зэрырикъур абы гулъытэншэу къымыгъэнэным щIэтэхъуэу. А жэрдэмыр къыхэзылъхьар КIуэкIуэ Валерэт. Кавказ зауэжьыр и лъабжьэу, Кавказ Ищхьэрэри, хамэ къэралхэм щыIэ адыгэхэри къыззэщIигъаплъэрт а Iуэхум хуэфащэ гугъыгъ зэримыгъэутым. А гъэм КIуэкIуэ Валерэ Ельциным гуригъэIуэфауэ щытащ адыгэхэм, Кавказым щыпсэуэхэм псалъэ гуапэкIэ захуэтъэззэным мыхьэнэшхэ зэрилъэ. ИкIи, Урысей тхыдэм зэи къыщымыхъуауэ, Президент Ельцин Борис жиIэгъащ: «Кавказым и бгырыс лъэпкъхэр я щхьэхунтыныгъэм зэрыщIэзэуар захуагъэт». ФIэщщыгъуеищ апхуэдэ псалъэхэр Урысейм и лIыщIхьэм иджыри зэман къэхьуну...

Псалъэ гуапэкIэ КIуэкIуэ Валерэ игу къигъэкIыжу пшыхьым къыщыпсэлъащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым Думэ щыпсэо Iуэхуэхмкlэ и комитетым и унафэщI Аслъанов Аслъэнбэч.

- Курэлыр зэпэщIэувэныгъэхэм щызэгуачым, пенсэри улахуэри ямыту, ар щызэхадигъуэжым, КIуэкIуэ Валерэ хэуэфIыкI псори илъжьащ Урысей Федерацэри Къэбэрдей-Балъкъэрри хуэмэным хуэунэтIауэ. Абы папщIэ а хэкуIлым фIыщIэ хуэщIыпхъэщ, - жиIащ Аслахановым, - КIуэкIуэ Валерэ щIыхь къыззэрагъэкIтэкъым, политик хъудеитэкъым, Къэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Ищхьэрэми къыщымынэу, Урысей Федерацэ псоми абы апхуэдизкIэ пщIэ къыщыхуащIырти, и макъ лъэщыр щхэуу щысальэм и дежи дэни щызэхахьырт. Ар сыткIи фIыт, нэхъ ныбжьыгъуфIи уигъэлъыхъуэнт. Сэ сропагэ ар си щыхуигъэу зэрыщытам.

Апхуэдэу гуапэу КIуэкIуэ Валерэ и гугъу ищIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэт Максютэ Николай.

- Ар пхъэIэщэм пэрыта щIыхут, фIыуэ щыгъуаззэт мэкъумэщыщIэми, лъэкъакIуэ къызэригъэкIми, ерыджакIуэми, щахтерми я гугъуехьэм, Хэку зауэщхъэм и ветеранхэми зэрадзэIэпыкъуным и Iуэху сыт щыгъуи зэрихуэрт, - жиIащ Максютэ Николай.

Фэеплъ пшыхьым къыщыпсэлъащ УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъуэ Зязиков Мурати:

- Федерацэмкlэ Советым и зэIуэцIэм щIидзэн хуеиуэ, абы хэтхэр къыщыхэхуэскIэ, зэIуэщIапIэ пэщIым хэт къыщыхьхэми нэхъыбэм гу лъатэртэкъым, ауэ КIуэкIуэ Валерэ бжьыгъэ къебэкъуамэ, псори зэуэ къэтэджырт, абы пщIэ зэрыхуащIым къызэщIнэтэу, - жиIащ абы.

* * *

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ хэкIыжа лъэхъэнэ ящIащ Президент КIуэкIуэ Валерэ. Ар цIыхухэм жаIэм ед э Iуэфырт, псынщIэ дыдэуи унафэ хъищтэрт.

КIуэкIуэ Валерэ и гъащIэмрэ и лэжьыгъамкIэ пщэрылъ нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжауэ щытар езыр зи унафэщI республикэм и мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ щыгъэIэныр, Урысей къэралыкъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэныр ти, ар къехъулIэу щытащ. Дэ пщIэшхуэ худоиI а цIыху щыпкъэм абы республикэм щызэфIигъэкIыну щыта Iуэхуэхуэхэм папщIэ. ДэркIэ ар ди Валерэу щытащ, апхуэдэуи къэнэжащ. Абы къегъэлъагуэ а унафэщI IэкIуэлъакIуэр цIыхубэм зэрытщыщыр.

ПОЛИЩУК Иван,
Хэку зауэшхуэм хэта.

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зыфIаща еджапIэм къыхуеблэгъа хъэщIэхэр.

Щалъхуа къуажэми щагъэлъапIэ

КЪБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ къыззэралъхуэр илъэс 70 зэрырикъум теухуа Iуэхугъуэхэр езыр щалъхуа Дыгулыбгъуей жылэми жэпуэгъуэм и 19-м щекIуэкIащ.

ПЩЭДДЖЫЖЫМ сихьэт 11-м къуажэ-кхъэм, КIуэкIуэ Валерэ и сыным деж щызэхэтащ гукъэкIыж-фэепль пэкIу. Зэкъуэм хэтын папщIэ абы кърихьэлIат дунейм екIужам и благъэхэр, и къуажэгъуэр, и ныбжьэгъуэр, къыдэлажьэу щыта къэралкъуэ-лыкъущIэхэр.

УФ-м и Федеральнэ Зэху эсым Федерацэмкlэ и Советым хэт Максютэ Николай жиIащ:

- Гупсэзэгъуэ къэзыт Iу эхущIафэщ мы махуэхэм республикэм щекIуэкIыр. ЛъэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм Кавказ Ищхьэрэр зэрыхуауэ щыта щытыкIэ гугъум кьыхэшыным зи гуащIэ хэзыльхьэм ящыщщ КIуэкIуэ Валерэ. Езыр зи Iэтащхьэ республикэм мамырыгъэр щытепщэу щытынымкIэ лъэкI къэзымыгъэна цIыхум и фэеплъыр зэрыгъэльапIэм щхьэкIэ фIыщIэ ин фхузощI!

УФ-м и Президентым и Администрацэм хэт Касаев Сергей къыщыпсалъэм къыхигъэщащ:

- Урысей Федерацэм къыгу зэкIэлъ зимыIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэ ззэрытыныгъэ щыгъэIэным, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу льэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэ-зэхэщыкI дэлъынымкI и кьару ёмыблэжу хущIэкъуа цIыкум и фэеплъыр гъэльэпIэнымкIэ республикэм щапхъэфI дигъэлъэгъуащ.

КIуэкIуэ Валерэ ягу къагъэкIыжу псалъэ гуапэ хуэжьызыIэхэм ящыщщ Адыгэ Республикэм и унафэщIу щыта Джарым Аслъэн, КъБР-м и Парламентым Республикэмкlэ и Советым и унафэщIу лэжьа Нэхуш Заурбий, Дыгулыбгъуей къуажэм и нэхъыжьыфIэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр.

Къызэхуэсахэм защыхуигъаззэм, КIуэкIуэ Валерэ и къуэ Казбек жиIащ:

- Мы жылэр ди адэм фIыуэ и илъагъуу щытащ. ФIы къекIуэ Iу фIыгъэрт. Си фIэщ мэхъу мыпхуэдэ зэхьыхь - пщIэ зэхуэщIыкIэ иджыри къызыдекIуэкI ди адыгэ лъэпкыр дяпэкIи зэрефIэкIуэнур. Мыбы къекIуэлIа псоми фIыщIэ фхузощI КIуэкIуэхэ я лакъуэм кьыбгъэдэкIыу. Iхъэм фригъэпсэу!

КьыкIэлыкIуэ Iуэхугъуэр щекIуэкIар Дыгулыбгъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №8-рщ. Мы школым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и цIэр фIэщыным теухуауэ Бахьсэн кьалэ Советым 2011 гъэм фокIадэм и 29-м унафэ кьищтащ. Абы тепсэлъыхьа, еджапIэм КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зэрызэрихьэм и дамыгъэу абы и щIыхьэпIэм кIэрыIуIа пхъэбгъар кьызэIуаха иужь, хьэщIэхэр школ КIуэцIым щIашащ. Пырхьэу кIыхьым сатырсатыру щнуыкIат, дахэу у эзщхьхуэпыкIа ныбжьыщIэхэр. Абыхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ хьэщIэхэм ирагъэлъагъуа теплъэгъуэ гуапэ зыщымыхьуа абдежым кьыщыгъуэтыгъуейт. Зи джанэ хуэж зыкьызыхъэм галстук плъыжьхэр дахэ дыдэу кьыдэлыдыкI пионерхэм я зыгъэзэжIэ-зэхэтыкIэм уIуплъэ-ныр тынштэкъым. А кьалэн кьызэрымыкIуэм пэлъэщахэм ящыщт Президент КIуэкIуэ Валерэ. Ар цIыхухэм жаIэм ед э Iуэфырт, псынщIэ дыдэуи унафэ хъищтэрт.

КIуэкIуэ Валерэ и гъащIэмрэ и лэжьыгъамкIэ пщэрылъ нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжауэ щытар езыр зи унафэщI республикэм мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ щыгъэIэныр, Урысей къэралыкъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэныр, ар къехъулIэу щытащ. Дэ пщIэшхуэ худоиI а цIыху щыпкъэм абы республикэм щызэфIигъэкIыну щыта Iуэхуэхуэхэм папщIэ. ДэркIэ ар ди Валерэу щытащ, апхуэдэуи кьэнэжащ. Абы кьегъэлъагуэ а унафэщI IэкIуэлъакIуэр цIыхубэм зэрытщыщыр.

ПОЛИЩУК Иван,
Хэку зауэшхуэм хэта.

Джарым Аслъэн

Аслаханов Аслъэнбэч

Максютэ Николай

Зязиков Мурат

Ди Валерэ

Илъэситху и пэкIэ, 2006 гъэм фокIадэм и 18-м Дыгулыбгъуей къуажэм щагъэлъапIауэ щытащ КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и ныбжьыр илъэс 65-рэ щрикъуну щыта махуэр.

ЗЭХУЭСЫМ къекIуэлIахэм ягу къагъэкIыжащ я къуажэгъу цIэрыIуэм республикэм и политикэ-граждан гъащIэм щигъэзэщIа мыхьэнэр, апхуэдэуи зи унафэщI щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ псоми я зэхуаку зэгурыIуэныгъэрэ зэхэщIыкIрэ дэлъыныр жьыдэру езыр зэрыхущIэкъуар.

1992 гъэм и пэщIэдзэ дыдэм КIуэкIуэ Валерэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президенту щыхаса лъэхъэнэр республикэм и дежкIэ хьэлъэт. Адыгэхэр, балъкъэрхэр, урысхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ зэтемыхуэж хъуат. Абыхэм я зэхуаку удэтыныр, лъэпкъ зэщIэхъеенныгъэхэр зэгурыIуэныгъэ-къагъэгугъащ мы псалъэмакъыр республикэм и унафэщIхэм я деж нагъэсыжатэу.

ЗэIущIэм и кIэухым кьыщыпсалъэм Тау Пщыкан кьигъэльэгъуащ зэманыр зэхэзэрыхьауэ щыщытам щыгъуи Къэбэрдей-Балъ-кэр Республикэм и журналистхэр зэрыхэмыльэдар, абыхэм пщIым щыгъэ хахыну зэрыхуемыжьар. Апхуэдэу щыщыткIэ, газетхэм я лэжьакIуэхэм къабгъэдэхуэ жэуапльныгъэр зыхащIэ, псалъэм и кьарур здынэсыр кьагурыIуэ. Жылагъуэ палатэм и унафэщIым апхуэдэу къыхигъэщащ зэфIэкI зиЗ зэпкъыгъэхэр кьыхэхыным сыт щыгъуи хуэдэу иджыпстуи мыхьэнэшхэу зэрИрэр икIи республикэм, Урысей Федерацэм адэкIи хьэлэлу лъэужьыгъэ журналистхэр кьыхури-джащ.

Жылагъуэ палатэм и комиссэм хэтхэу Созаев Ахьмэтрэ Кульбаев ТIэхьиррэ къызэхуэсахэр ныбжьыгъуэм щыгъуи щыхуэ зыгъэгъэкIуэ. Ар ди щIыналъэм и Советым и унафэщIу щытащ. Абы щыгъуи щIыналъэм и Советым и унафэщIу щытащ. Ар ди щIыналъэм и Советым и унафэщIу щытащ. Ар ди щIыналъэм и Советым и унафэщIу щытащ. Ар ди